



▶▶▶ KÒD ETIK
AK BIZNIS

LET'S REDEFINE POSSIBLE®



YON MESAJ POU MANM EKIP MORTENSON YO



Lèt Prezidan an

Nou gen yon eritaj solid nan Mortenson ki reflete jenerasyon travay di ak akonplisman moun eksepsyonèl. Ansanm, nou etabli yon repitasyon pou entegrite ak jistis, pèfòmans serye, ak rezulta bon kalite. Antanke anplwaye Mortenson ak sipòtè li yo, nou tout se gadyen eritaj sa a, nou gen devwa pou nou prezèv li epi bati sou li nan respekte valè konpayi nou an toutan.

Nou ensiste pou nou kenbe etik biznis ki pi wo a san nou pa fè okenn konpwomi. Nou aji yon fason ki jis e ki onèt ak tout moun. Nou respekte tout lwa ak règleman yo. Nou fè sa ki dwat lè nou aji ann akò ak valè konpayi nou an. Yo atann pou tout moun nan òganizasyon nou an fè sa ki dwat, dapre valè nou yo. Pa gen anyen ki ka ranplase bon jijman ki baze sou prensip onètete ak entegrite. Nou pap janm pran avantaj enjis nan okenn sitiyasyon.

Kòd Etik ak Konduit Biznis nou an bay konsèy sou konpòtman yo atann de nou ak sou fason pou nou fè sa ki dwat pou kenbe ak amelyore repitasyon nou pou entegrite ak jistis. Menmsi Kòd Etik ak Konduit Biznis la pa kouvri tout pwoblèm ou ka rankontre, li revize prensip yo, valè konpayi a, règleman konpayi a, ak kèk lwa ki gouvène konpayi nou an.

Yo atann pou nou tout itilize bon jijman epi chèche asistans lidèchip lè nou pa sèten ki aksyon ki apwopriye pou nou pran. Nan okenn sikostans, okenn manm ekip pa dwe komèt yon zak ki pa etik oswa ki ilegal sou pretèks ke aksyon an se nan pi bon enterè konpayi a.

Ansanm, nou ka kontinye montre ke Mortenson kanpe pou pi wo estanda entegrite ak jistis yo. Nou ka Fè Sa ki Dwe Fèt.



Derek Cunz
Prezidan & Chèf Egzekitif Ofisyé
Mortenson Construction Holdings, Inc.



David C. Mortenson
Prezidan
Mortenson Construction Holdings, Inc.

KONTNI

► VALÈ MORTENSON YO	4
► ANGAJMAN MORTENSON POU KONDUIT LEGAL AK ETIK	5
► ANGAJMAN MANM EKIP YO POU KONDUIT LEGAL AK ETIK	5
► SEKIRITE	6
► OPÒTINITE EGAL POU TRAVAY AK RESPÈ NAN ANVIWÒNMAN TRAVAY LA	6
► FÈ KONTRA AK AJANS GOUVÈNMAN YO	7
► KORIPSYON AK LAJAN ANBA TAB	8
► KADO AK DIVÈTISMAN	8-9
► KONTWÒL FINANSYE	10
► ITILIZASYON BYEN KONPAYI A	11
► ENFÒMASYON ESKLIZIF AK KONFIDANSYÈL	12-13
► BIZNIS AK LWA ENTÈNASYONAL	13
► ANTITRUST, DWA KONKIRANS AK FALSIFIKASYON òF	14
► KONFLI ENTERÈ	15
► AKTIVITE POLITIK	16
► ENPAK ANVIWÒNMANTAL	17
► DWA MOUN	17
► KONFÒMITE AK RAPÒ	18
► RAPÒTE YON VYOLASYON	19



LIY DIRÈK KONFÒMITE MORTENSON:

> 877.662.2330 (Etazini ak Kanada)

> www.mortenson.com/compliancehotline



VALÈ MORTENSON YO



Valè Mortenson yo gide konduit nou, defini misyon nou, epi ranfòse objektif nou. Se poutèt sa, chak manm ekip responsab pou aji avèk onètete ak entegrite.

KONFYANS | Mortenson mete konfyans nan sant tout relasyon–ak kliyan, patnè, patnè komèsyal, asosye, ak tout manm ekip li yo. Pwogram devlopman karyè Mortenson yo konsantre anpil sou entegrite pèsònèl, etik biznis, ak konpetans relasyonèl. Yo atann pou lidè òganizasyon an ak moun ki aspire pou pozisyon lidèchip yo montre yon konduit ki kredib toutan.

RESPONSIBLITE | Mortenson responsab anvè manm ekip li yo, kliyan li yo, ak kominote kote li rete ak travay yo. Nou pran responsablite pou wòl nou epi nou respekte angajman nou yo. Lè erè fèt, yo rekonèt yo epi korije yo san pèdi tan oswa eskiz.

SÈVIS | Nou pran angajman pou elimine tout aksidan travayè. Chak manm ekip Mortenson ak chak patnè komèsyal, founisè, achitèk, enjenyè, ak kliyan ka atann yo ke chan travay nou yo ap anbrase yon kilti san aksidan ki plase sekirite pèsònèl yo kòm pi gwo priyorite nou nan Mortenson.

SEKIRITE | Nou pran angajman pou elimine tout aksidan travayè. Chak manm ekip Mortenson ak chak patnè komèsyal, founisè, achitèk, enjenyè, ak kliyan ka atann yo ke chan travay nou yo ap anbrase yon kilti san aksidan ki plase sekirite pèsònèl yo kòm pi gwo priyorite nou.

TRAVAY AN EKIP | Moun yo se pi gwo fòs Mortenson. Nou respekte, pwoteje, epi defann enterè manm ekip nou yo. Moun ki nan Mortenson yo travay ak kliyan ak patnè biznis yo nan yon espri kolaborasyon ak konfyans pou atake defi ki genyen nan konstriksyon.

JESYON RESPONSAB | Manm ekip Mortenson yo benefisyé de eritaj jenerasyon anvan yo te kite pou yo. Nou angaje nou pou nou itilize tan nou, enèji nou, ak talan nou avèk sajès. Nou prezève epi pwoteje resous finansye nou yo avèk anpil swen. Ansanm, n ap batì yon konpayi k ap dire. Lè nou fè sa, sa pèmèt kwasans alavni ak devlopman nouvo sèvis, li bay manm ekip yo opòtinite karyè ki anrichisan, epi li pèmèt nou kontribiye nan kominote kote nou rete ak travay yo.



ANGAJMAN MORTENSON

POU YON KONDUIT LEGAL AK ETIK



Mortenson egzije yon konduit legal ak etik toutan.

An akò ak valè Mortenson yo, onètete ak tranzaksyon san patipri se eleman santral pou kenbe repitasyon Mortenson ak relasyon li ak kliyan li yo. Mortenson pran angajman pou li fonksyone nan nivo etik ki pi wo a epi an konfòmite ak lwa ki aplikab yo pandan lòp bay kliyan li yo yon eksperyans eksepsyonèl. Kapasite nou pou nou fè sa depann de konduit ak angajman chak gress manm ekip la demontre.

ANGAJMAN MANM EKIP

POU YON KONDUIT LEGAL AK ETIK



Tout manm ekip yo, ki gen ladan manm konsèy administrasyon an, dwe respekte lwa ki aplikab yo, Kòd Etik ak Konduit Biznis la, ak nenpòt lòt règleman konpayi an ki aplikab.

Manm ekip yo gen responsabilite pou yo vijilan sou sitiyasyon ki ta ka lakòz aksyon ilegal, aksyon ki kontrè ak Kòd Etik ak Konduit Biznis la oswa règleman konpayi an, oswa aksyon ki pa apwopriye nan lòt fason, kit se yo menm oubyen lòt moun ki ta fè aksyon sa yo. Manm ekip yo entèdi pou yo angaje yo nan nenpòt fòm konduit ilegal oswa fwod, e yo dwe aji avèk onètete, jistis, ak entegrite nan fè biznis konpayi an.

Angaje nan konpòtman danjere sa yo ap lakòz aksyon disiplinè ki ka gen ladan revokasyon, referans pou pouswit kriminèl, ak ranbousman bay pati ki sibi pèt oswa domaj akoz konpòtman an ki pa apwopriye.

Mortenson rekonèt ke manm ekip yo ka konfwonte ak sitiyasyon ki pa ekspreseman kouvri nan Kòd Etik ak Konduit Biznis la, nan règleman konpayi an, oswa nan pwogram fòmasyon nou yo. Mortenson ankouraje tout manm ekip yo pou yo chèche gidans ak/oswa klarifikasiyon sou nenpòt kesyon legal oswa etik ki ta ka leve pandan y ap travay. Manm ekip yo ankouraje pou yo kontakte yon sipèviziè, manadjè, resous imèn, depatman legal la, oswa nenpòt manm nan ekip lidèchip siperyè a pou klarifikasiyon oswa gidans konsènan responsabilite legal oswa etik.

SEKIRITE



Sekirite pa dwe janm konpwomèt. Chak manm ekip dwe asime responsabilite pou sekirite epi li gen obligasyon pou li kanpe travay la epi korije nenpòt aksyon ki pa an sekirite oswa kondisyon ki pa an sekirite li rankontre.

Mortenson angaje l pou sekirite tout manm ekip yo, travayè yo, patnè komèsyal yo, ak lòt moun, ansanm ak piblik la an jeneral. Sekirite pa dwe janm konpwomèt. Se yon pati nan bon jan kalite travay ak mak pwofesyonèl toutbon.

Eliminasyon tout aksidan posib, e nou devwe pou atenn objektif sa a. Chak manm ekip sou chak pwojè gen obligasyon pou asime responsabilite pou sekirite epi travay pou atenn objektif sa a nan:

- ▼ Fè travay la yon fason ki an sekirite
- ▼ Identifie epi elmine kondisyon ki pa an sekirite
- ▼ Kanpe travay la imedyatman pou korije nenpòt kondisyon ki pa an sekirite ou rankontre
- ▼ Pran aksyon korektif pou travay la ka kontinye yon fason ki an sekirite
- ▼ Respekte oswa depase estanda sekirite gouvènman an ak endistri a pandan n ap travay pou nou vin yon modèl pou endistri konstriksyon an.

OPÒTINITE EGAL POU TRAVAY AK RESPÈ NAN ANVIWÒNMAN TRAVAY LA



Konpòtman ki asèlman, degradan, oswa entimidasyon nan nenpòt fason pa akseptab epi yo pap tolere li.

Mortenson valorize divèsite epi li angaje li pou l bay yon anviwòn travay kote tout moun santi yo jwenn respekte. Mortenson bay tout manm ekip li yo ak tout aplikan kalifye pou travay, machann, ak kliyan menm opòtinite, san konsidere sèks, ras, laj, kwayans reliye, andikap, sitiyyasan matrimonyal, orijin nasyonal oswa etnik, oryantasyon seksyèl, oswa nenpòt lòt kategori lalwa pwoteje, nan tout domèn travay ak kontra.

Mortenson angaje li pou l bay yon anviwònman travay ki libere de tout fòm diskriminasyon ilegal ak konpòtman ki ka konsidere kòm arasman, koësyon, oswa entimidasyon, ki gen ladan arasman seksyèl.

Mortenson angaje li tou pou yon espas travay ki an sekirite, san vyolans, arasman ak diskriminasyon ilegal.

Nenpòt manm ekip yo jwenn ki angaje nan diskriminasyon, arasman, oswa lòt konpòtman entèdi, ki vyole Kòd Etik ak Konduit Biznis la ak règleman konpayi an, ap sijè a disiplin apwopriye, jiska, e ki gen ladan, revokasyon.



FÈ KONTRA AVÈK AJANS GOUVÈNMAN YO



Manm ekip yo ki travay ak ajans gouvènman yo dwe konprann epi respekte règ ak règleman ki aplikab pou chak ajans, ansanm ak politik ak pwosedi Mortenson sou kontra gouvènman.

Mortenson fè yon kantite siyifikatif biznis ak tout nivo gouvènman yo. Gouvènman yo nan tout nivo jeneralman gen pwòp pwosedi, règ, ak estanda etik pa yo ki aplike pou kontraktè yo. Pa egzanp, diferan antite gouvènman yo souvan gen pwòp règ ak règleman yo sou nan ki pwen kado ak divètisman ka ofri oswa resevwa pa pèsonèl gouvènman an.

Manm ekip Mortenson ki enplike nan kontra oswa kontra potansyèl ak antite gouvènman nan nenpòt nivo responsab pou konprann règ ak règleman ki aplike nan kontra sa yo ak entèraksyon sa yo, epi pou respekte strikeman règ ak règleman sa yo ak nenpòt politik ak pwosedi sou kontra gouvènman Mortenson ka etabli.

Manm ekip yo responsab pou asire ke tout sètifikasyon ak deklarasyon ki fèt bay nenpòt antite gouvènman yo veridik e egzat, e ke tout aplikasyon pou peman, fakti, demann pou chanjman nan lòd, ak reklamasyon yo egzat, respekte egzijans antite gouvènman an, epi yo pa enkli okenn montan Mortenson pa gen dwa a.

Manm ekip yo responsab pou yo mennen biznis san iregilarite oswa aparans iregilarite, epi nan yon fason ki pa ta anbarase oswa nui repitasyon Mortenson.

KORIPSYON AK LAJAN ANBA TAB



Koripsyon ak lajan anba tab ka ekspoze Mortenson ak manm ekip yo a responsablite kriminèl e yo entèdi fòmèlman.

Nenpòt manm ekip ki ofri, peye, resevwa, oswa fasilité yon koripsyon oswa lajan anba tab ap sijè a disiplin, jiska, e ki gen ladan, revokasyon. Manm ekip la ka sijè a responsablite kriminèl tou dapre lwa ki aplikab yo. An jeneral, yon koripsyon se yon bagay ki gen valè yo bay yon moun dirèkteman oswa endirèkteman ak objektif pou enfliyanse yon desizyon li pran nan non yon biznis oswa yon kò piblik.

Yon lajan anba tab se yon bagay ki gen valè yo bay, dirèkteman oswa endirèkteman, kòm rekompans pou yon desizyon biznis oswa piblik. Mortenson entèdi strikteman bay oswa resevwa koripsyon oswa lajan anba tab pa manm ekip yo, kit se nan biznis komèsyal kit se nan biznis ak gouvènman an, kit se nan peyi a kit se aletranje. Manm ekip yo dwe pran prekosyon pou asire ke nenpòt kado oswa divètisman yo ofri, bay, oswa resevwa ann akò ak lwa, règ, ak règleman konpayi ki aplikab yo, pa ni parèt kòm, ni konsidere kòm koripsyon oswa pot de vin.

KADO AK DIVÈTISMAN



Kado oswa divètisman ki vyole lwa ki aplikab oswa règleman Mortenson entèdi.

Kado oswa divètisman ka ofri, bay, oswa resevwa sèlman lè li legal pou fè sa epi lè objektif kado a oswa divètisman an se pou bati bon relasyon ak moun nou fè biznis avèk yo. Manm ekip yo pa gen dwa ofri, bay, oswa resevwa anyen ki gen valè pou achte enfliyans oswa pou jwenn yon avantaj enjis. Lwa ki aplike pou ajans gouvènman yo ak anplwaye yo, kit se nan peyi a kit se aletranje, konsènan ofri, bay, oswa resevwa kado yo trè sevè, e yo atann pou manm ekip yo konnen, konprann, epi respekte lwa sa yo ki aplikab. Gade règleman konpayi yo oswa kontakte depatman legal la pou konsèy.

Kado oswa divètisman jeneralman gen ladan nenpòt bagay ki gen valè epi yo ka gen ladan:

- Manje
- Jwe gòlf
- Transpò ak lojman
- Kaskèt Rad
- Tikè Evènman

ANTREPRIZ KOMÈSYAL



Pifò ajans gouvènman yo gen lwa ki gouvène bay oswa resevwa kado. Anpil konpayi publik ak prive etabli politik ki limite kado tou. Manm ekip Mortenson yo dwe respekte nenpòt limit kliyan yo enpoze sou kado. Li entèdi kategorikman pou yo ofri, bay, oswa resevwa kado oswa divètisman ak objektif pou enfliyanse oswa rekonpanse yon desizyon.

Nan fè biznis komèsyal, ofri, bay, ak resevwa kado oswa divètisman ak objektif pou bati bon relasyon apwopriye sof si:

- ▼ Kado a oswa divètisman yo ofri, bay, oswa resevwa ak objektif pou enfliyanse yon desizyon biznis oswa publik, oswa li bay enpresyon ke li bay pou rezon sa a.
- ▼ Kado a oswa divètisman an twòp dapre pratik biznis òdinè ak règleman konpayi an.
- ▼ Kado a oswa divètisman an vyole règleman konpayi moun k ap bay la oswa moun k ap resevwa a.
- ▼ Fè yon kado, bay oswa resevwa yon kado oswa amizman kreye yon aparans malapwopo.
- ▼ Kado a oswa divètisman an vyole yon lwa oswa yon regilasyon ki konsène ofri oswa bay kado oswa divètisman a yon anplwaye gouvènman.

Yon manm ekip pa gen dwa aksepte yon kado oswa divètisman ki gen yon valè plis pase \$500 nan men yon moun, yon konpayi, yon ajans oswa yon enstitisyon ki fè biznis, oswa ki gen anpil chans pou fè biznis ak Mortenson, san apwobasyon ekri jan sa egzije nan règleman konpayi an. Yon manm ekip pa gen dwa ofri oswa bay yon kado oswa divètisman ki gen yon valè plis pase \$500 a yon moun k ap fè biznis oswa ki gen anpil chans pou fè biznis ak Mortenson, san apwobasyon ekri jan sa egzije nan règleman konpayi an. Règleman sa a gen ladan kado oswa divètisman bay oswa resevwa nan men kliyan ki egziste deja oswa kliyan potansyèl. oswa reprezantan pwopriyetè yo, ak patnè komèsyal yo, founisè, ak konsiltan ki egziste deja oswa potansyèl. Biznis prive ak biznis ki gen aksyon yo vann an publik ak ki moun Mortenson fè biznis ka gen règ konsènan kado ak divètisman anplwaye li yo ka aksepte, e manm ekip Mortenson yo gen obligasyon pou yo respekte nenpòt règ sa yo.

Règ differan aplike lè w ap fè afè ak antite, ajans, ofisyèl, oswa anplwaye gouvènman yo.

ANTREPRIZ PUBLIK

Pifò antite gouvènmantal yo, sòti nan gouvènman federal la rive nan pi piti distri bibliyotèk, gen lwa ki limite valè kado ak divètisman ki ka ofri, bay, oswa resevwa pa anplwaye yo. Manm ekip Mortenson ki kominike ak anplwaye nenpòt nivo gouvènman responsab pou yo konprann lwa ak règ antite gouvènman an konsènan kado ak divètisman yo ka ofri, bay, oswa resevwa, epi pou yo respekte règ sa yo ak tout lwa ki aplikab strikteman Règleman konpayi Mortenson konsènan konpòtman sa yo. Pa egzanp, nan Etazini, lalwa entèdi pou bay yon anplwaye gouvènman federal yon kado ki gen yon valè plis pase \$20. Kesyon yo ta dwe dirije bay depatman legal la.

Politik Mortenson sou kado ak divètisman pa fèt pou limite kontribisyon charitab ki fèt ann akò ak règleman konpayi an.

KONTWÒL FINANSYE



Manm ekip yo dwe asire ke enfòmasyon tankou kantite lè travay, rapò depans, estimasyon pwojè, ak lòd chanjman yo egzat epi konplè. Falsifye done finansye oswa lòt done pou nenpòt rezon entèdi, e sa sijè a aksyon disiplinè, ki gen ladan posib revokasyon.

Presizyon done finansye nou yo depann de chak grenn manm ekip ki anrejistre enfòmasyon yo kòrèkteman, tankou kantite ak alokasyon lè travay, depans, rapò depans, estimasyon pwojè, fakti, lòd chanjman, ak done regilasyon. Manm ekip yo dwe verifye ke nenpòt done finansye, bidjè, oswa pwojeksyon finansye yo responsab yo egzat epi konplè. Itilizasyon pèsònèl oswa san otorizasyon lajan konpayi an, oswa nenpòt konduit fwod ki enplike lajan konpayi an oswa done finansye, entèdi strikteman.

Mortenson konte sou manm jesyon konpayi yo, jan sa tabli nan règleman oswa dokiman gouvènans konpayi sa yo, pou otorize tout peman ak tranzaksyon kòrèkteman epi pou angaje konpayi an nan obligasyon kontrakyèl. Chak manm ekip dwe suiv pwo sedi kalifikasyon ak nivo apwobasyon pou achte machandiz ak sèvis oswa pou bay soukontra jan sa dekri nan Manyèl Operasyon an.

Deklarasyon finansye Mortenson yo depann de presizyon ak konplè enfòmasyon pèsònèl yo prepare epi bay. Manadjè yo responsab pou asire ke resous adekwa ak sipèvizon ap dedye a byen mete an aplikasyon epi swiv kontwòl finansye yo tout tan, e ke enfòmasyon finansye yo reflete sikonstans yo ak enfòmasyon ki pi ajou ki disponib nan moman yo prepare rapò finansye yo. Manm ekip yo pa dwe janm falsifye oswa manipile done oswa dosye finansye, ni dirije oswa fè presyon sou lòt moun pou yo fè sa.

Lwa sou Salè ak Lè Travay. Konpayi an peye tout manm ekip li yo ann akò avèk tout lwa federal ak lwa eta ki aplikab, ki gen ladan salè minimòm, lè siplemantè ak egzijans salè dominan, epi li bay tout manm ekip yo repo manje ak peryòd repo lalwa ak akò negosyasyon kolektif yo mande. Se yon vyolasyon Kòd Etik ak Konduit Biznis la pou ankouraje oswa mande manm ekip yo pou yo travay san yo pa peye yo, pou yo travay san yo pa pran repo manje ak repo an vyolasyon lwa yo, oswa pou yo angaje yo nan lòt konpòtman ki ta lakòz manm ekip yo pa jwenn salè pou tout lè yo travay pou Konpayi an nan to salè apwopriye yo.

Done finansye ak rezulta finansye konpayi an konsidere kòm pwopriyetè ak konfidansyèl. Nenpòt demann enfòmasyon finansye ki fèt kòm rezulta yon demann pou pwopozisyon oswa pa yon machann, founisè, enstitisyon bankè oswa kredi, kliyan, reprezantan pwopriyetè, patnè antrepriz, oswa nenpòt lòt twazyèm pati dwe voye bay biwo chèf ofisye finansye a, ki ap fè sa ki nesesè. yon detèminasyon sou ki enfòmasyon finansye, si genyen, ki pral bay. Anplis de sa, tout manm ekip yo ap konsève dosye finansye ak done dapre règleman konpayi an sou retansyon dosye ak lwa ki aplikab yo. Gade règleman konpayi yo pou plis enfòmasyon.

Kesyon konsènan done finansye, rapò finansye ak kontwòl, oswa itilizasyon lajan konpayi an ta dwe dirije bay chèf ofisye finansye Mortenson an oswa depatman legal la.



ITILIZASYON BYEN KONPAYI A

- Enstalasyon, ekipman, founiti, ak lòt resous Mortenson yo dwe itilize pou rezon biznis. Manm ekip yo dwe respekte règleman sou itilizasyon elektwonik Mortenson an lè y ap itilize òdinatè ak sistèm konpayi an.

Ekipman, founiti, enstalasyon, ak lòt resous Mortenson ak kliyan li yo founi pa fèt pou itilizasyon pèsònèl oswa pou vann, epi yo dwe itilize pou rezon biznis. Règleman sa a aplike a tout ekipman ak founiti, ki gen ladan òdinatè, lojisyèl, ak lòt founiti ak ekipman biwo, ansanm ak materyèl ak ekipman yo founi pou konstriksyon ak lòt aktivite ki gen rapò ak pwojè.

Itilizasyon pèsònèl ekipman Mortenson posede oswa lwe pa pèmèt. Itilizasyon machin konpayi yo dwe fèt ann akò ak egzijans pwogram machin Mortenson ki aplikab la. Okenn manm ekip pa gen dwa retire materyèl sou yon chantye pwojè pou itilizasyon pèsònèl oswa pou vann san apwobasyon ekri eksprès lidè gwoup operasyon an ki responsab pwojè a ak kliyan an.

Ekipman biwo Mortenson tankou telefòn, telefòn selilè, òdinatè, aparèy pòtab, fotokopyèz, ak sistèm komunikasyon yo fèt pou itilize pou fè biznis Mortenson epi itilizasyon ekipman sa yo dwe respekte Règleman sou Itilizasyon Elektwonik Mortenson an.

Mortenson ka pèmèt itilizasyon resous konpayi an pou rezon charitab oswa pou biznis ki pa pou Mortenson, kote chèf egzekitif oswa prezidan konpayi an detèmine sikontans espesyal egziste epi itilizasyon resous konpayi an pa ta an konfli ak enterè Mortenson. Nenpòt manm ekip ki vle itilize resous konpayi an pou rezon charitab oswa pou biznis ki pa gen rapò ak Mortenson (pandan oswa apre lè travay) dwe jwenn apwobasyon alekri davans nan men chèf egzekitif oswa prezidan konpayi an. Resous yo gen ladan, men yo pa limite a, mendèv Mortenson, ekipman, materyèl ak founiti. Itilizasyon resous konpayi an pou nenpòt lòt rezon charitab oswa biznis ki pa pou Mortenson entèdi.

Nenpòt manm ekip Mortenson, ki pèsònèlman oswa atravè yon enterè biznis deyò, ta renmen fè kontra ak Mortenson pou Mortenson bay sèvis konstriksyon, konsepsyón oswa lòt sèvis, ki gen ladan ekipman oswa materyèl, dwe jwenn apwobasyon alekri davans nan men chèf egzekitif oswa prezidan konpayi an. Anplis de sa, dwe gen yon akò alekri ant Mortenson ak moun nan oswa konpayi an anvan Mortenson bay nenpòt sèvis.

ENFÒMASYON EKSKLIZIF AK KONFIDANSYÈL



Tout manm ekip yo dwe pwoteje enfòmasyon konfidansyèl konpayi an, kliyan nou yo, ak lòt moun nou fè biznis avèk yo. Manm ekip yo pa gen dwa jwenn enfòmasyon konfidansyèl lòt konpayi nan okenn fason ki ta ka konsidere kòm pa etik. Nenpòt enfòmasyon konfidansyèl yon lòt konpayi pataje dwe pwoteje menm jan ak pwòp enfòmasyon konfidansyèl pa nou.

Tout manm ekip Mortenson yo gen responsabilite pou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl konpayi an. Enfòmasyon konfidansyèl gen ladan sekrè komèsyal ak pwopriyete entelekyèl konpayi a. Sekrè komèsyal yo se enfòmasyon nan nenpòt fòma ki gen valè komèsyal e ki pwopriyetè Mortenson, ki kenbe valè li paske li rete konfidansyèl. Sa ka gen ladan bagay tankou lis kliyan, done sou pri ak pwodiktivite nan tan lontan, istwa pwojè, lis manm ekip, ekspètiz, pwosesis ak pwosedi, dosye dijital ak zouti modelizasyon, estimasyon pri, enfòmasyon finansye, plan maketing, ak enfòmasyon menm jan an. Li gen ladan tou efò inovasyon konfidansyèl Mortenson yo, ki bay konpayi an yon avantaj konpetitif sou mache a. Tout manm ekip yo gen responsabilite pou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl konpayi a. Men kèk direktiv pou fè sa:

- ▼ Manm ekip ki kreye oswa ki manipile enfòmasyon konfidansyèl konpayi an ta dwe make kopi enfòmasyon sa yo kòm "Eksklizif ak Konfidansyèl pou [Non konpayi a]".
- ▼ Enfòmasyon konfidansyèl, kit li make kòm sa kit li pa make kòm sa, ta dwe pataje sèlman ak manm ekip ki gen bezwen konnen epi itilize mezi apwopriye pou prezèv konfidansyalite enfòmasyon an.
- ▼ Enfòmasyon konfidansyèl, kit li make kòm sa kit li pa make kòm sa, pa dwe pataje ak reprezantan lòt konpayi san apwobasyon ekri eksprès lidè gwoup operasyon an oswa lidè gwoup sèvis biznis la, epi sèlman si yon akò konfidansyalite, ki apwouve pa depatman legal la, te siyen pa lòt konpayi an.

Gen plis restriksyon sou konfidansyalite, divilgasyon, oswa manyen ki aplikab pou sèten dokiman konfidansyèl konpayi an posede ki gen enfòmasyon sansib, tankou dosye travay, dosye medikal, oswa kèk dokiman gouvènman. Pou konsèy sou pwoteksyon ak manipilasyon enfòmasyon sansib, kontakte resous imèn oswa depatman legal la.

Mortenson respekte dwa pwopriyetè lòt moun li fè biznis avèk yo tou, epi li trete enfòmasyon konfidansyèl lòt moun yo menm jan li trete pwòp enfòmasyon konfidansyèl Mortenson. Men kèk direktiv pou manyen enfòmasyon konfidansyèl tyès pati yo:

- ▼ Enfòmasyon konfidansyèl yon tyès pati ki divilge volontèman epi ak konesans pa pati sa a ka itilize sèlman jan pati ki divilge li a dakò.
- ▼ Si enfòmasyon konfidansyèl yon twazyèm pati divilge dapre yon akò konfidansyalite, manm ekip yo dwe respekte kondisyon ki nan akò a.
- ▼ Si yo resevwa oswa jwenn enfòmasyon konfidansyèl yon fason ki sijere divilgasyon an pa t otorize, kontakte depatman legal la.

ENFÒMASYON ESKLIZIF AK KONFIDANSYÈL (KONT.)

Manm ekip yo ki kite konpayi an dwe kite tout kopi enfòmasyon konfidansyèl yo, kit yo nan fòma elektwonik kit yo nan yon lòt fòma, e yo pa gen dwa itilize okenn nan enfòmasyon sa yo pou okenn rezon san apwobasyon alekri davans nan men chèf egzekitif la.

Manm ekip yo pa gen dwa itilize enfòmasyon konfidansyèl ki soti nan yon ansyen anplwayè nan fè biznis konpayi an. Manm ekip yo pa gen dwa chèche jwenn enfòmasyon konfidansyèl lòt konpayi yon fason ki pa kòrèk.

Pandan y ap fè biznis konpayi an, manm ekip yo ka vin gen aksè a sèten enfòmasyon enpòtan ki pa piblik sou kliyan potansyèl oswa aktyèl ki gen aksyon yo vann an piblik, konsènan pwojè yo planifye, kontra yo bay, opòtinite devlopman, oswa chanjman yo planifye nan konpayi an. Tranzaksyon ilegal ki baze sou enfòmasyon materyèl ki pa piblik yo entèdi pa lwa. Enfòmasyon an konsidere kòm "enpòtan" lè li gen yon siyifikasyon sou mache a, sa vle di piblikasyon li ta ka gen anpil chans pou afekte pri sou mache sekirite yo, oswa li se enfòmasyon yon envestisè rezonab ta vle konnen anvan li pran yon desizyon sou envestisman.

Manm ekip yo pa dwe ni achte, ni vann, ni rekòmande pou achte oswa vann, ni lakòz yon lòt moun achte oswa vann okenn tit pandan yo an posesyon enfòmasyon enpòtan ki pa piblik konsènan tit sa a ki vann an piblik.

Kesyon konsènan enfòmasyon konfidansyèl yo ta dwe dirije bay depatman legal la.

BIZNIS AK LWA ENTÈNASYONAL

-  Manm ekip yo responsab pou yo konprann epi respekte tout lwa ki aplikab pou operasyon biznis entènasyonal yo.

Manm ekip yo, kèlkeswa kote yo baze, responsab pou yo konprann epi respekte lwa peyi kote y ap travay la. Manm ekip yo pa dwe patisipe nan, ni angaje yo nan, okenn pratik biznis ki koripsyon, ilegal, oswa ki pa etik ak kliyan, ofisyèl gouvènman, kontraktè, oswa machann. Manm ekip yo pa gen dwa ni bay ni resevwa koripsyon, lajan anba tab, oswa nenpòt bagay ki gen valè ak entansyon pou enflryanse nenpòt desizyon piblik oswa prive.

Lwa sou pratik koripsyon aletranje ak lwa anti-koripsyon nan anpil peyi, tankou Etazini, Kanada, ak lòt peyi, entèdi pou yo ofri oswa bay nenpòt bagay ki gen valè a pati piblik oswa prive ak objektif pou enflryanse yon zak oswa yon desizyon ofisyèl. Entèdiksyon sa a aplike kit yo bay bagay ki gen valè a dirèkteman oswa endirèkteman, atravè lòt moun oswa antite k ap aji kòm entèmedyè. Gade tou seksyon "Fè Kontra ak Ajans Gouvènman yo" nan dokiman sa a.

Kesyon konsènan lwa ki aplikab pou operasyon entènasyonal yo ta dwe refere bay depatman legal la.

ANTITRUST, DWA KONKIRANS AK FALSIFIKASYON òF



An jeneral, nenpòt akò ki fèt ak yon konkiran ki konsène oswa ki afekte pri oswa ki enflryanse yon desizyon pou soumèt yon òf sou yon pwojè entèdi. Manm ekip yo responsab pou evite diskisyon sou sijè konpetitif tankou pri, enfòmasyon sou òf, oswa kondisyon kontra avèk konkiran yo, menm nan konvèsasyon enfòmèl.

Tout aktivite biznis yo - kit se publik kit se prive - sibi lwa antitrust ak lwa sou konpetisyon ki nan peyi kote y ap fonksyone. An jeneral, lwa antitrust ak lwa sou konpetisyon entèdi akò ak aksyon ki vize diminye komès oswa redwi konpetisyon. Lalwa konsidere konpetisyon kòm yon eleman vital pou sante ekonomi an, e kòm rezulta, penalite pou vyolasyon lwa antitrust oswa lwa sou konpetisyon yo kapab ekstrèm.

An jeneral, nenpòt akò dirèk oswa endirèk ak yon konkiran konsènan oswa ki afekte pri, oswa yon desizyon pou soumèt oswa non yon òf sou yon pwojè, entèdi. An jeneral, li se yon vyolasyon lalwa tou pou konkiran yo dakò pou yo pataje oswa alokye kliyan, pou yo pataje oswa divize teritwa jeyografik kote yo an konpetisyon, pou yo dakò sou tèm kontra yo pral ofri oswa aksepte, oswa pou yo pataje oswa dakò sou lòt sijè ki sanble konpetitif. Konpayi an pa ni peye anplwaye yo pou yo dakò pou yo pa anboche anplwaye youn lòt, ni li pa antann li ak lòt konpayi pou li pa anboche anplwaye youn lòt, ak kèk eksepsyon limite. Li enpòtan pou nou sonje ke konpayi ki an konpetisyon pou anplwaye yo se konkiran sou mache travay la, kèlkeswa si konpayi sa yo vann menm pwodwi oswa sèvis yo. Menm konvèsasyon aksidantèl oswa blag ak konkiran sou nenpòt sijè konpetitif sa yo ka entèprete kòm akò enplisit, e yo ta dwe evite diskisyon sa yo.

Pwoblèm antitrust oswa konpetisyon ka leve tou lè konpayi an konsidere antre nan antrepriz konjwen oswa aranjman ekip ak konkiran yo. Souvan, efò konjwen sa yo pèmèt pati yo pote kapasite oswa efò konplemantè sou tab la, e sa gen efè pou ranfòse konpetisyon lè li fè antrepriz konbine a yon konkiran pi solid pase sa chak pati ta ye endividylman. Lwa antitrust ak lwa sou konpetisyon pa entèdi konbinezon tankou sa yo, sitou lè gen lòt konkiran ki kapab ki rete. Nan lòt ka, sepandan, si konkiran yo ta kapab fè travay la endividylman menm jan ak efò konjwen an, yo ta ka konsidere konbinezon an kòm yon bagay ki fèt pou limite konpetisyon, e yo ka jije li vyole lwa antitrust oswa lwa sou konpetisyon. Se poutèt sa, nenpòt akò antrepriz konjwen, akò alyans, oswa aranjman ekip ak konkiran yo dwe gen awobasyon davans depatman legal la ak chèf egzekitif konpayi an.

Kesyon konsènan lwa antitrust oswa lwa sou konpetisyon ta dwe refere bay depatman legal la.

KONFLI ENTERÈ



Evite nenpòt aktivite ki kreye yon konfli enterè. Si yon konfli enterè ou pa ka evite rive, avize sipèvizè w la imedyatman.

Tout manm ekip yo gen devwa pou yo aji nan pi bon enterè Mortenson. Yon konfli enterè egziste chak fwa yon aktivite oswa enterè yon manm ekip an konfli ak enterè Mortenson. An jeneral, manm ekip yo dwe evite nenpòt aktivite oswa enterè ki kreye yon konfli enterè ak Mortenson. Nan ka kote yon konfli konsa pa ka evite, yo dwe divilge konfli a bay sipèvizè manm ekip la imedyatman.

Konfli enterè yo gen ladan, men yo pa limite a:

- ▼ Yon manm ekip (oswa yon fanmi pwòch yon manm ekip) ki gen yon enterè finansye nan yon konkiran aktyèl oswa potansyèl, yon founisè, yon patnè komèsyal, yon kliyan, oswa yon machann Mortenson. (Sa pa ta aplike pou posesyon aksyon nan yon konpayi konsa atravè yon fon mityèl.)
- ▼ Yon manm ekip k ap fè biznis nan non Mortenson ak yon founisè, patnè komèsyal, kliyan, oswa machann kote yon fanmi manm ekip la se yon direktè, ofisyè, anplwaye, oswa reprezantan.
- ▼ Yon manm ekip k ap mennen biznis ki pa gen rapò ak Mortenson, oswa ki gen yon enterè finansye komen ak, yon kliyan, konkiran, founisè, patnè komèsyal, machann, oswa anplwaye nenpòt nan sa yo ki nan lis anvan an.
- ▼ Yon manm ekip k ap resevwa yon avantaj pèsonèl favorab poutèt li fè biznis ki pa gen rapò ak Mortenson avèk yon kliyan, konkiran, founisè, patnè komèsyal, machann Mortenson oswa anplwaye nenpòt nan sa yo, kote avantaj favorab la bay oswa soti poutèt relasyon Mortenson genyen ak lòt pati a.
- ▼ Yon manm ekip k ap itilize resous konpayi an san otorizasyon oswa pou rezon ki pa apwopriye oswa ki entèdi, ki ta ka ekspoze Mortenson a depans anplis oswa responsablite legal, domaje ekipman konpayi an, nui reputasyon konpayi an oswa relasyon li ak kliyan li yo, oswa ki ta an konfli ak enterè Mortenson nan lòt fason.

Lè yon konfli enterè pa ka evite, divilgasyon konfli a pèmèt yon sipèvizè pran mezi pou asire ke konfli enterè a pa afekte enterè konpayi an. Pa egzanp, si yon manm ekip responsab pou chwazi patnè komèsyal pou yon pwojè epi pami ofisyè oswa anplwaye patnè komèsyal potansyèl la gen yon fanmi manm ekip la, divilgasyon konfli a ta pèmèt sipèvizè a bay yon lòt manm ekip responsablite pou pwosesis akizisyon soukontra pou travay sa a.

Politik Konpayi a estrikteman entèdi konfli enterè sa yo:

- ▼ Yon manm ekip k ap fè biznis pou yon antrepriz separe sou tan konpayi an oswa avèk itilizasyon resous konpayi an.
- ▼ Yon manm ekip k ap itilize materyèl oswa enfòmasyon konpayi an pou benefis pèsonèl.

Objektif règleman sa a sou konfli enterè se pa pou dekoraje manm ekip yo patisipe nan òganizasyon sivik ak aktivite charitab.



AKTIVITE POLITIK

Yo pa dwe fè presyon sou okenn manm ekip pou kontribiye nan okenn aktivite politik. Manm ekip yo pa gen dwa itilize fon konpayi an, tan, oswa pwopriyete pou aktivite politik eksepte nan sikontans limite yo pèmèt pa règleman konpayi an, epi sèlman apre yo fin jwenn pèmisyon alekri davans nan men chèf egzekitif konpayi an. Lajan konpayi an pa dwe itilize pou enfliyanse ofisyèl yo an koneksyon avèk yon kontra gouvènman.

Mortenson ankouraje tout manm ekip yo pou yo egzèse dwa yo pou patisipe nan aktivite politik legal. Se politik Mortenson ke yo pa dwe mete presyon sou okenn manm ekip pou kontribiye nan okenn aktivite politik. Manm ekip yo pa gen dwa itilize fon konpayi an, tan, oswa pwopriyete pou aktivite politik eksepte nan sikontans limite yo pèmèt pa règleman konpayi an. Mortenson ap respekte tout lwa ki aplikab konsènan tan lib pou manm ekip yo vote.

Kontribisyon endividiyèl yo pa dwe fèt ak lajan konpayi an, ni konpayi an pa dwe ranbouse yo nan okenn fason, ni yo pa dwe soumèt yo sou papye antèt oswa papye ofisyèl konpayi an. Lajan konpayi an pa dwe itilize pou kontribisyon politik an sipò pou okenn kandida oswa pati politik nan nenpòt nivo gouvènman an. Nenpòt kontribisyon ak lajan konpayi an pou referandòm, inisyativ, oswa lòt koz dwe gen apwobasyon alekri davans nan men chèf egzekitif la. Tout akò pou fè lobi dwe revize epi apwouve pa depatman legal la.

Ozetazini, menm jan ak nan lòt peyi, lalwa entèdi pou yo itilize lajan federal yo te vote pou peye nenpòt moun oswa konsiltan pou enfliyanse oswa eseye enfliyanse ofisyèl federal yo an koneksyon avèk akòde oswa modifikasyon yon kontra federal.

ENPAK ANVIWÒNMANTAL



Manm ekip Mortenson yo dwe okouran de lwa anviwònman ki aplikab yo epi respekte yo. Dekouvèt materyèl danjere mande sispanyon imedyat operasyon yo ak notifikasyon bay depatman legal ak depatman sante ak sekirite anviwònman. Mortenson ankouraje resiklaj, rediksyon dechè, ak itilizasyon enèji renouvlab toutotan li posib e rezonab.

Mortenson pran angajman pou redwi enpak anviwònmantal ki asosye ak operasyon li yo nan chèche opòtinite pou anpeche polisyon, redwi dechè, epi ankouraje itilizasyon sous enèji renouvlab.

Mortenson angaje l tou pou pwoteje anviwònman an ak sante moun nan respekte lwa ak règleman ki aplikab yo.

Manm ekip yo responsab pou yo konprann egzijans anviwònmantal ki aplikab pou travay yo, epi pou yo asire ke operasyon pwojè yo respekte egzijans sa yo. Manm ekip yo gen obligasyon pou yo swiv direktiv konpayi an lè yo idantifye yon danje oswa yon risk anviwònmantal, kit li potansyèl kit li reyèl. Mortenson ap kolabore ak ajans regilasyon k ap fè enspeksyon oswa ankèt.

Kesyon sou konfòmite ak lwa anviwònman yo ta dwe refere bay direktè sante ak sekirite anviwònmantal la oswa depatman legal la.

Gade règleman konpayi ki aplikab yo pou plis detay sou obligasyon konfòmite anviwònmantal.

DWA MOUN

Mortenson pran angajman pou asire ke tout travay fèt volontèman nan entèdi travay fòse, travay timoun, ak trafik moun nan operasyon Mortenson yo ak nan chèn ekipman li yo, epi nan bay manm ekip yo fòmasyon sou endikatè travay fòse, travay timoun, ak trafik moun ak sou fason pou rapòte sispekè vyalasyon yo. Okenn moun ki pokò gen 18 an pa gen dwa travay sou okenn chan travay Mortenson eksepte si sa fèt an konfòmite ak tout lwa ki aplikab yo epi avèk konsantman alekri davans yon ofisyè Mortenson. Mortenson entèdi tout pratik ki konstitye trafik moun oswa esklavaj. Mortenson entèdi itilizasyon pwodui ki genyen sa yo rele mineral konfli (tankou eten, tantal, tengstèn, ak lò) ki soti nan min ki sipòte oswa finanse gwoup ame.

KONFÒMITE AK RAPÒ



Vyolasyon lalwa ka ekspoze manm ekip yo ak konpayi an a pouswit sivil ak pwosekisyon kriminèl. Se responsablite chak manm ekip pou rapòte yon vyolasyon lwa, règleman, politik konpayi an, oswa yon brèch nan Kòd Etik ak Konduit Biznis la, kit li konnen ki fèt kit li sisplèk ki fèt.

Si w kwè yon ofisye, yon manm konsèy administrasyon an, oswa yon manm ekip te ka vyole Kòd Etik ak Konduit Biznis la, règleman konpayi an, oswa lalwa, se responsablite w pou w rapòte sisplèk vyolasyon an. Menm jan an tou, si ou kwè yon patnè komèsyal, founisè, konsiltan, machann, oswa nenpòt lòt antite k ap aji nan non nou oswa k ap bay Mortenson sèvis te ka vyole nenpòt lwa, oswa angaje nan konpòtman arasman, menas, oswa konpòtman ki pa etik, se responsablite w pou w rapòte sisplèk vyolasyon an.

Yo pap pran okenn vanjans ni okenn aksyon negatif kont yon manm ekip paske li, an bòn fwa, rapòte yon vyolasyon lwa li konnen ki fèt oswa li sisplèk ki fèt, vyolasyon Kòd Etik ak Konduit Biznis Mortenson, oswa règleman konpayi an, oswa nenpòt lòt konpòtman ki pa etik. Vyolasyon politik sa a ki rapòte yo pral mennen ankèt sou yo rapidman epi awofondi.

Nòmalman, premye pwen kontak pou rapòte vyolasyon se sipèviziè imeda w oswa manadjè w. Sepandan, si sikorans yo fè li enposib oswa pa awopriye pou rapòte pwoblèm nan bay sipèviziè imeda w oswa manadjè w, ou ka rapòte pwoblèm nan bay resous imèn, depatman legal la, oswa nenpòt manm ekip lidèchip siperyè a. Altènativman, manm ekip yo ka kontakte liy dirèk konfòmite Mortenson an nenpòt ki lè nan 877.662.2330 (Ozetazini ak Kanada) oswa sou www.mortenson.com/. **Manm ekip yo ak lòt moun k ap fè rapòte enkyetid yo anonim lè yo itilize nimewo telefòn liy dirèk konfòmite a oswa sit entènèt la, epi y ap ba yo yon nimewo dosye kote yo ka suiv estati rapò yo oswa reponn kesyon pou bay plis enfòmasyon san yo pa revele idantite yo.**

Sipèviziè oswa manadjè ki vin okouran de nenpòt vyolasyon Kòd Etik ak Konduit Biznis la, règleman konpayi an, oswa lwa yo dwe kontakte depatman resous imèn oswa depatman legal la. Nenpòt sipèviziè oswa manadjè ki pa rapòte vyolasyon oswa swadizan vyolasyon, oubyen ki pa respekte Kòd Etik ak Konduit Biznis la nan lòt fason, ap sijè a disiplin, jiska, e ki gen ladan, revokasyon.

Nenpòt manm ekip ki vyole oswa ki otorize yon vyolasyon Kòd Etik ak Konduit Biznis sa a, ki pa rapòte yon sisplèk vyolasyon, oswa ki eseye fè vanjans sou yon manm ekip ki rapòte yon sisplèk vyolasyon, ap sijè a disiplin.

Si ou se yon manm ekip ki base nan Inyon Ewopeyen an, ou ka kontakte Liy Dirèk Konfòmite a 24 sou 24, sèt jou sou sèt, lè ou preferè yon mwayen anonim pou rapòte yon sitiasyon ki enplike kesyonab kontablite, kesyon odit oswa lòt regilasyon oswa lwa konsènan obligasyon kontwòl entèn nan domèn finans, bank, kontablite ak anti-koripsyon ("zafè kontwòl finansye"). Dapre lwa Inyon Ewopeyen an, ou pa ka kontakte Liy Dirèk Konfòmite a ni itilize mekanis rapò sou entènèt la pou rapòte yon vyolasyon ki enplike swadizan vyolasyon lalwa, Kòd Etik ak Konduit Biznis, oswa pou nenpòt domèn ki pa konsène zafè kontwòl finansye.

RAPÒTE YON VYOLASYON



LIY DIRÈK KONFÒMITE MORTENSON:

877.662.2330 (Etazini ak Kanada)

www.mortenson.com/compliancehotline

1. 1. Si ou prefere pa kontakte sipèvizè imeda ou, kontakte resous imèn, depatman legal la, oswa nenpòt manm nan ekip lidèchip siperyè a.
2. Altènativman, yo ka rapòte vyolasyon yo konnen oswa yo sispèk atravè liy dirèk konfòmite Mortenson nan 877.662.2330 (Ozetazini ak Kanada) oswa sou www.mortenson.com/compliancehotline.

Kòd Etik ak Konduit Biznis sa a aplike a tout antite ak afilye Mortenson Construction Holdings, Inc.